

Entèvyou pou Depistaj CRAFFT

Koumanse konsa: "Mwen pral poze w kèk kesyon mwen poze tout pasyan yo. Tanpri di laverite. M ap kenbe tout repons ou yo konfidansyèl."

Pati A

Pandan 12 MWA ki fenk pase yo, èske ou te:

Non

Wi

- | | Non | Wi |
|---|--------------------------|--------------------------|
| 1. Konn bwè <u>alkòl</u> (plis pase kèk gòje)?
(Pa konte ti gòje alkòl ou konn bwè nan fèt fanmi oswa fèt relijye.) | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 2. Konn fimen <u>mariwana oswa achich</u> ? | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 3. Konn pran <u>nenpòt ki lòt bagay</u> pou fè w "santi w ap plannen anlè (high)"?
(“nenpòt ki lòt bagay” kapab vle di dwòg ilegal, medikaman ki vann avèk oubyen san preskripsyon, oswa nenpòt bagay ou rale nan nen w, oubyen ou "aspire") | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |

Pou klinik la sèlman: Èske pasyan an reponn "wi" pou nenpòt kesyon nan Pati A?

Non



Poze kesyon sou Oto a sèlman, epi kanpe

Wi



Poze tout 6 kesyon CRAFFT yo

Pati B

Non

Wi

- | | Non | Wi |
|--|--------------------------|--------------------------|
| 1. Èske ou te janm nan yon <u>OTO</u> epi chofè a (menm si se ou menm) te nan yon eta pou l "santi l ap plannen anlè (high)" oubyen chofè a te bwè alkòl oswa pwan dwòg? | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 2. Èske ou konn bwè alkòl oswa pran dwòg pou <u>DEKONTRAKTE W</u> , oswa pou w santi ou pi alèz ak tèt ou, oswa pou w fè tankou lòt moun ki avèk ou? | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 3. Èske ou konn bwè alkòl oswa pran dwòg pandan pa gen moun avèk ou, oubyen paske w santi ou <u>POUKONT OU</u> ? | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 4. Èske ou konn <u>BLIYE</u> sa ou te fè pandan ou t ap bwè alkòl oswa pran dwòg? | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 5. Èske moun nan <u>FANMI</u> w oswa <u>ZANMI</u> w janm di w pou ou bwè mwens oswa pran mwens dwòg? | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| 6. Èske ou janm gen <u>PWOBLÈM AK Lòt MOUN</u> pandan w ap bwè alkòl oswa pran dwòg? | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |

REMAK SOU KONFIDANSYALITE:

Enfòmasyon ki ekri nan paj sa a kapab anba pwoteksyon règleman sou konfidansyalite (42 CFR, 2yèm Pati); règleman sa yo defann bay moun enfòmasyon sa yo, sòf si gen yon otorizasyon ekri dirèk pou sa. Otorizasyon jeneral pou bay enfòmasyon medikal yo PA ase pou pèmèt sa.


© CHILDREN'S HOSPITAL BOSTON, 2009. TOUT DWA REZÈVE.

Dokiman sa a kopye avèk pèmision Center for Adolescent Substance Abuse Research, CeASAR, nan Children's Hospital Boston.
(www.ceasar.org)

DIREKTIV POU BAY NÒT: POU PÈSONÈL KLINIK LA SÈLMAN

Nòt nan CRAFFT: Chak repons “wi” nan **Pati B** a vo 1 pwen.
Si nòt total la se 2 oubyen plis, sa vle di depistaj la pozitif, kidonk gen yon bezwen pou plis evalyasyon.

Pwobabilite Abi Estipefyan/Tablo Dyagnostik sou Depandans dapre Nòt CRAFFT yo^{1,2}



Kritè Dyagnostik DSM-IV³ (Abreje)

Abi Estipefyan (1 oswa plis nan sa ki pi ba la yo):

- Sèvi ak sibstans sa yo lakòz moun lan pa ka kenbe responsabilite l nan travay, oswa lekòl, oswa lakay li
- Sèvi souvan nan sikonstans ki gen danje (tankou lè l ap kondui yon oto)
- Pwoblèm avèk lalwa ki repete anpil fwa
- Kontinye pran sibstans yo malgre pwoblèm k ap repete souvan yo

Depann sou Sibstans yo (3 oubyen plis nan sa ki pi ba la yo):

- Tolerans
- Sevraj
- Pran yon gwo kantite nan sibstans yo, oubyen pran yo pi lontan pase tan ki te prevwa a
- Tantativ pou redui kantite oswa pou sispann pran sibstans yo pa mache
- Pase anpil tan ap eseye jwenn sibstans yo, oswa pou retounen nòmal apre li pran yo
- Sispann aktivite ki enpòtan poutèt sibstans yo
- Kontinye ap sèvi avèk sibstans yo malgre konsekans negatif yo

© Children’s Hospital Boston, 2009. Yo mèt fè kopi egzak fòmilè sa a menm jan an, pou sèvi nan travay klinik. Se yon koutwazi Center for Adolescent Substance Abuse Research, Children’s Hospital Boston, 300 Longwood Ave, Boston, MA 02115, U.S.A., (617) 355-5433, www.ceasar.org.

Referans:

1. Knight JR, Shrier LA, Bravender TD, Farrell M, Vander Bilt J, Shaffer HJ. A new brief screen for adolescent substance abuse [Nouvo depistaj rapid pou jenn moun ki nan abi dwòg]. Arch Pediatr Adolesc Med 1999;153(6):591-6.
2. Knight JR, Sherritt L, Shrier LA, Harris SK, Chang G. Validity of the CRAFFT substance abuse screening test among adolescent clinic patients [Valè tès depistaj CRAFFT pou abi sibstans lan nan jenn moun ki se pasyan nan klinik]. Arch Pediatr Adolesc Med 2002;156(6):607-14.
3. American Psychiatric Association. Diagnostic and Statistical Manual of Mental Disorders [Liv sou Dyagnostik ak Estatistik pou Pwoblèm Mantal], katriyèm edisyon, revizyon tèks. Washington DC, American Psychiatric Association, 2000.